XIX ӘСИР АҚЫРЫ XX ӘСИР БАСЫНДА ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ МӘДЕНИЙ ТУРМЫСЫ: БИЛИМЛЕНДИРИЎ, ҚАЛА МӘДЕНИЯТЫНЫҢ КИРИП КЕЛИЎИ ҲӘМ ФОЛЬКЛОР

Отегенов Хакимбай Максетбаевич – *тарийх илимлери бойынша философия докторы, доцент*
otegenovhakimbay764@gmail.com
Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети

КУЛЬТУРНАЯ ЖИЗНЬ КАРАКАЛПАКОВ В КОНЦЕ XIX – НАЧАЛЕ XX ВЕКА: ОБРАЗОВАНИЕ, ПРОНИКНОВЕНИЕ ГОРОДСКОЙ КУЛЬТУРЫ И ФОЛЬКЛОР

Отегенов Хакимбай Максетбаевич – *доктор философии по историческим наукам, доцент*
Каракалпакский государственный университет имени Бердаха

CULTURAL LIFE OF THE KARAKALPAKS IN THE LATE 19TH – EARLY 20TH CENTURIES: EDUCATION, THE SPREAD OF URBAN CULTURE AND FOLKLORE

Otegenov Khakimbay Maksetbaevich – *Doctor of Philosophy in Historical Science, Associate Professor*
Karakalpak State University named after Berdakh

Таянч сўзлар: қорақалпоқлар, мустамлака даври, мактаб, рус-тузем мактаби, жадидчилик, шаҳар маданияти, фольклор.

Резюме. Мақолада XIX асрнинг иккинчи ярми ва XX аср бошларида мустамлака бошқаруви шароитида қорақалпоқларнинг маданий ҳаётидаги ўзгаришлар тадқиқ этилган. Анъанавий мактаблар ва мадрасалар, рус-тузем мактаблари ва жадид мактабларининг параллел равишда мавжуд бўлиши таълимдаги анъанавийлик ва модернизация ўртасидаги зиддиятнинг кўриниши сифатида қаралади. Петро-Александровск, Чимбой, Нукус, Хўжайли ва Қўнғирот орқали ғарб шаҳар маданиятининг кириб келиши, этномаданий алоқаларнинг шаклланиши, халқ амалий санъати ва фольклорининг ҳолати таҳлил қилинади. Маданий соҳада анъанавий шакллардан воз кечиш эмас, балки уларни мослаштириш ва қисман сақлаб қолиш устунлик қилганлиги кўрсатилган.

Ключевые слова: каракалпаки, колониальный период, мектеб, русско-туземная школа, джадидизм, городская культура, фольклор.

Резюме. В статье исследуются изменения в культурной жизни каракалпаков в условиях колониального управления во второй половине XIX – начале XX века. Параллельное существование традиционных мектебов и медресе, русско-туземных школ и джадидских школ рассматривается как проявление противоречия между традиционализмом и модернизацией в образовании. Анализируются проникновение западной городской культуры через Петро-Александровск, Чимбай, Нукус, Ходжейли и Кунград, формирование этнокультурных связей, состояние народного прикладного искусства и фольклора. Показано, что в культурной сфере преобладали адаптация и частичное сохранение традиционных форм, а не отказ от них.

Key words: Karakalpaks, colonial period, maktab, Russian-native school, Jadidism, urban culture, folklore.

Summary. The article examines changes in the cultural life of the Karakalpaks under colonial administration in the second half of the 19th and early 20th centuries. The coexistence of traditional maktabs and madrasas, Russian-native schools and Jadid new-method schools is analysed as an expression of the tension between tradition and modernisation in education. The study also traces the arrival of Western urban culture through Petro-Aleksandrovsk, Chimbay, Nukus, Khojeyli and Kungrad, the growth of inter-ethnic cultural contacts, and the state of folk crafts and folklore. It shows that adaptation and partial preservation of traditional forms, rather than their abandonment, prevailed in the cultural sphere.

Кирисиў. Россия империясының Түркистанды басып алыўы аймақ халықларына бурын таныс болмаған басқаша цивилизацияның кирип келиўине себеп болды. Бул ушырасыў экономика ҳәм басқарыў менен шекленип қалмай, билимлендириўге, кийим-кеншекке, турмыс мәдениятына ҳәм көркем дөретиўшиликке де тәсир етти.

Империя мәдений тараўда да өз сиясатын жүргизди, бирақ ол жергиликли халықлардың өзгешеликлерин есапқа алыўға мәжбүр болды. Сол себепли бир тәреп-тен дәстүрий диний мектеплер ҳәм медреселер сақланып қалды, екинши тәреп тен рус үлгисиндеги оқыў орынлары ашылды. Бул еки бағдардың қатар жасаўы ҳәм олардың арасында жәдид мектеплериниң пайда болыўы мақаланың тийкарғы изертлеў объекти болып табылады.

Қарақалпақлардың колониялық дәўириндеги мәдениятын үйрениўде Р.Қосбергенов ҳәм «Қарақалпақлардың этнографиясы» жыйнағының авторларының мийнетлери тийкар болып хызмет етти [7, 17]. Билимлендириў тарийхы Р.Дж.Уразбаеваның, М.А.Карлыбаевтың, О.Алеуов ҳәм К.Сейтназаровтың изертлеўлеринде үйренилди [2, 5, 16]. Ҳаял-қызлардың социаллық аўҳалы Я.А.Абдуллаеваның мийнетинде, халық қол өнери А.Алламуратов, З.Ж.Алиева ҳәм Н.А.Тлеубергенованың мийнетлеринде талланды [1, 3, 4, 15].

Қала мәдениятының тарийхы А.Р.Кудияров, И.В.Пискунова ҳәм С.Сайманов тәрепинен изертленди [10, 12, 13]. Фольклор ҳәм поэзияның тарийхый дерек сыпатындағы әҳмийети М.Тилеўмуратовтың, Ә.Қожықбаевтың ҳәм Б.А.Кощановтың мийнетлеринде көрсетилди [6, 8, 9, 14]. Орайлық Азиядағы жәдидшиликтиң улыўма контексти А.Халидтиң монографиясында талланған [19].

Соған қарамастан, билимлендириў, қала мәдениятының ҳәм фольклордағы өзгерислер бир-бирине байланыстырылып, колониялық жағдайының бир бүтин көринисинде қаралмаған. Мақаланың мақсети – мәдений тараўдағы өзгерислердиң мазмунын ашып бериў ҳәм олардың тәбиятын – ығыстырыў ма, ямаса бейимлесиў ме – анықлаў.

Материаллар ҳәм методлар. Изертлеўдиң теориялық тийкары ретинде «Колониялық жағдайы» концепциясы ҳәм «жаңа империя тарийхы» көзқарасы алынды. Клиффорд Гирцтиң тарийхый антропологиясы ҳәм оның «тығыз тәриплеў» усылы мәдений әмелиятларды олардың жергиликли мәнисинде түсиндириўге жәрдем берди.

Жумыста салыстырмалы-тарийхый, проблемалық-хронологиялық ҳәм санлық анализ усыллары қолланылды. Фольклорлық текстлер тарийхый дерек сыпатында пайдаланылды, бирақ колониялық дәўириндеги жазып алыўлар олардың авторларының позициясын есапқа алып, сын көз-қарас пенен оқылды.

Дереклер базасын төмендегилер қурайды:

Әмиўдәрья бөлими баслығының Түркистан генерал-губернаторына жазған баянатлары ҳәм мектеплер ҳаққындағы рәсмий есаплар.

Сол дәўирдиң саяхатшылары ҳәм изертлеўшилериниң – Н.Н.Каразин, А.Л.Кун, А.Вамбери, М.В.Лавров ҳәм Н.П.Остроумовтың жазбалары [11].

Халық аўызеки дөретиўшилигиниң жыйнақлары, соның ишинде «Қарақалпақ фольклоры» көп томлығы [18].

Автордың дала жазыўлары ҳәм ӨзРИА Қарақалпақстан бөлими қолжазба фондындағы этнографиялық экспедициялардың материаллары.

Нәтийжелер: *Билимлендириў: дәстүршиллик пенен заманагөйлик арасында.* Колониялық дәўиринде Әмиўдәрья бөлиминде билимлендириўдиң үш системасы қатар әмел етти. Олардың тийкарғы өзгешеликлери 1-кестеде келтирилген.

1-кесте. Төменги Әмиўдәрьядағы билимлендириў системалары

Система	Дәслепки пайда болыўы	Тийкарғы мазмуны	Қаржыландырылыўы
Мектеп ҳәм медресе	әсирлер даўамында	Ҳәрип таныў, Қуранан сабақ	аўыл халқының қайыр-сақаўаты
Рус-тузем-лик мектеп	1887-жыл, Нөкис қорғаны	рус тили, арифме-тика, ана тилинде саўат	әкимшилик ҳәм саўдагерлер
Жаңа усыл (жәдид) мектеби	1904-жыл Жаңа Үргениш, 1909-жыл Қоңырат	ана тили, тарийх, география, әдебият	жергиликли халық ҳәм ҳомийлер

Дәстүрий мектеплер ҳәр бир аўылда мешитлер жанында, айырым жағдайларда жеке үйлерде ашылды.1893-жылы Әмиўдәрья бөлиминде 878 мектепте 7 801 оқыўшы оқыған болса, 1907-жылы мектеплердиң саны 990 ға, оқыўшылар саны 10 767 ге жетти, 58 медресе әмел етти [5, 16].

Рус-туземлик мектеплер империяның руслаштырыў сиясатының тийкарғы қуралы болды. Бөлимдеги биринши рус-туземлик мектеп 1887-жыл 1-августта Нөкис қорғанында ашылды. Петро-Александровскте қалалық оқыў орны, оның жанында интернат ҳәм ҳаял-қызлар оқыў орны шөлкемлестирилди.

Жәдид мектеплери жергиликли зыялылардың модернизацияға умтылысының көриниси болды. 1909-жылы Қоңыратта Мухаммед Шарип Сопызада басшылығындағы жаңа усыл мектеби ашылды. Онда кейин белгили қарақалпақ жазыўшылары болып жетилискен О.Сүйирбек улы, К.Ерманов ҳәм С.Мажитов оқыды [2]. Жаңа усыл мектеплери Петро-Александровскте, Хожелиде ҳәм Қоңыратта да ашылды, олардың айырымлары мешитлер жанында иследи.

Хожелидеги Й.Ахмедов басшылық еткен жәдид мектеби айрықша орын ийеледи. 1910-жылы хожелилилердиң қаржысына Европа үлгисинде пиширилген гербиштен 6–7 кең класлы имарат қурылды, парталар ҳәм тахталар Қазан ҳәм Оренбургтан әкелинди. Й.Ахмедов қызлар ушын бөлек клас ашып, араб тили, математика, әдебият, тарийх ҳәм география сабақлары өтилетуғын жоқарғы класларды шөлкемлестирди.

Қала мәденияты ҳәм турмыс-тириширилик. Петро-Александровск (Төрткүл) 1874-жылы тийкарланып, Әмиўдәрья жағасындағы биринши ҳәм жалғыз Европа үлгисиндеги қала болды. Ол қатаң жоба тийкарында қурылып, туўры көшелер орайлық майданға тутасты, көшелердиң еки шетинде хиябанлар ҳәм арықлар өтти. М.В.Лавров оны «рус қаласына уқсас» деп тәрипледи, себеби жергиликли халық аўылларда жасады [11].

Шымбайға 1880-жылы қала мәртебеси берилди. XIX әсирде Шымбай Әмиўдәрья дельтасының бас нан базары деп аталды. XX әсир басында ол ири саноат орайына айланып, май заводы, пахта тазалаў ҳәм кендир кәрханалары қурылды [10]. Нөкис болса 1884-жылы тек 125 жергиликли адам жасаған киши қорған-аўыл еди [21].

Шеп жағалаўда Хожели ҳәм Қоңырат ири саўда ҳәм мәдений орайлар болды. 1913-жылы Хожелиде 11,4 мыңнан аслам адам жасап, онда 300 ге жақын дүкан ҳәм устахана, 5 мешит ҳәм мектеп, бир медресе ҳәм бир кәрўансарай болды [22].

Қала мәденияты турмыс-тириширликте де өз изин қалдырды. Саноат товарларының тарқалыўы менен бас кийимлер Россияның қалаларынан әкелинген газламалардан тигиле баслады. XIX әсирдиң ақырында «бөз тақыя»ның орнын «мақпал тақыя» ийеледи, рус «ушанкасы» үлгисиндеги «үш қулақ» бөрик кең тарқалды. Базарда рус ҳәм татар бичимли «ноғай жаға көйлек» сатылды, ер адамлардың қара газламадан тигилген пиджакları пайда болды.

Халық өнери ҳәм фольклор. Халық қолөнериниң ең жоқары үлгилери отаўдың безеўинде, ҳаял-қызлардың кийимлеринде, үй буйымларында ҳәм ат әбзеллеринде көринди [3, 4]. Кестешилик, гилемшилик, нағыслы тоқыўшылық, зергерлик ҳәм ағаш оймашылығы кең раўажланды. Зергерлик өнери XIX әсир – XX әсир басында өзиниң ең жоқары шыңына жетти. 1907-жылы бөлимде кийиз басатуғын еки ири устахананың ислеўи бул өнердиң үй шеңберинен шығып, товар өндирисине айланғанын көрсетеди.

Фольклор қарақалпақлар мәдений турмысының тийкары болып қала берди [18, 20]. Бул дәўирде қосықлар, айтымлар, айтыслар, шешенлик сөзлер, жумбақлар, нақыл-мақаллар, ертеклер, аңызлар, толғаўлар ҳәм дәстанлар раўажланды. Қобыз жәрдеминде дәстан айтатуғын атқарыўшылар «жыраў», дутар жәрдеминде айтатуғынлар «бақсы» деп аталды. Жыраўлар «Қырқ қыз», «Қобланды», «Алпамыс», «Едиге» ҳәм басқа дәстанларды атқарды.

Дәўирдиң ўақыялары көркем әдебиятта терең сәўлеленди. Бердақ, Өтеш, Сарыбай ҳәм Гүлмурат сыяқлы шайырлар халықтың аўыр тәғдирин, қайғысы ҳәм арманларын жырлады [14]. Бердақтың Төменги Әмиўдәрья Россия тәрепинен басып алынғаннан кейин жазылған «Ахмақ патша» дәстанында патшалық Россия

ҳәм Хийўа ханлығының еки тәреплеме езиўи ҳәм халықтың азатлық ушын гүреси сүўретленди.

Колониялық басқарыўы фольклорды ығыстырмады, бирақ оның жасаў контекстин өзгертти. Фольклор сырттан келген бақлаўшылар тәрепинен жазып алыў ҳәм тәриплеў объектине айланды. 1875-жылы Н.Н.Каразин Шымбайда «Ҳаяллар ханлығы ҳаққындағы ертек»ти жазып алды. Әжинияз ҳәм Қыз Меңеш айтысы 1878-жылы Ташкентте шыққан «Түркистан ўәлаяты» газетасында жәрияланды.

Талқылаў. Алынған нәтийжелер колониялық дәўиріндеги мәдений өзгерислердиң бир тәреплеме басым емес, ал өз-ара бейимлесиў майданы болғанын көрсетеди. Империяның мәдений сиясаты еки бағдарда жүргизилди. Дәслепки он жыллықларда жергиликли халықтың миллий ҳәм диний турмысына араласпаў сиясаты ең қолайлы жол деп есапланды. Кейин билимлендириў арқалы империяша ойлайтуғын жасларды таярлаў ўазыйпасы алға қойылып, руслаштырыў әсте-ақырын системалы түске енди.

Жәдид мектеплери бул дәўирдиң ең әҳмийетли жаңалығы болды. Олар империя мектебиниң де, дәстүрий мектептиң де альтернативасы сыпатында пайда болды: ана тилиндеги оқыўлық, жаңа пәнлер ҳәм европалық оқыў қураллары ислам мәдениятының қәдириятлары менен үйлестирилди. Жәдид мектепleриниң Қазан, Оренбург ҳәм Азербайжан менен байланысы Төменги Әмиўдәрьяның түркий дүньяның кеңирек мәдений кеңислигине кирип барғанын көрсетеди. Бул жуўмақ А.Халидтиң Орайлық Азиядағы жәдидшилик ҳаққындағы пикирлерине сәйкес келеди [19].

Батыс қала мәденияты қарақалпақ жәмийетине шекленген ҳәм аймақлық жақтан локалласқан түрде кирип келди. Аймақтың урбанизация дәрежеси төмен болып, хожалықтың тийкарын отырықшы дийқаншылық ҳәм ярым көшпели шарўашылық қурады.

Жуўмақ. Колониялық дәўиринде қарақалпақлардың билимлендириўинде үш система – дәстүрий мектеп ҳәм медресе, рус-туземлик мектеп ҳәм жәдид мектеби – қатар әмел етти. Олардың қатар жасаўы дәстүршиллик пенен заманагөйлик арасындағы қарама-қарсылықты жүзеге шығарды.

Улыўма алғанда, Батыс қала мәденияты ҳәм дәстүрий өнер формалары бир-бирин ығыстырмай, топардың ишки мәдений шегараларын сақлаған ҳалда таңлап өзлестириў түринде бирге жасады. Мәдений тараўда дәстүрий формалардан ўаз кешиў емес, ал бейимлесиў ҳәм оларды бөлекше сақлап қалыў басым болды.

Изертлеў нәтийжелеринен «Қарақалпақстан тарийхы» пәнин оқытыўда, XIX әсирдиң екинши ярымы – XX әсир басындағы қарақалпақ мәденияты, өнери ҳәм фольклорына арналған музей экспозиция-ларын шөлкемлестириўде пайдаланыўға болады.

Әдебиятлар

1. Абдуллаева Я.А. Қорақалпоғистон хотин-қизлари: Кеча ва бугун. XIX асрнинг охири ва XX аср. – Тошкент: «Ijod dunyosi», 2004.
2. Алеуов О., Сейтназаров К. Қорақалпоғистонда жадидлар ва Сейфулғабит Мажидов фаолияти. – Тошкент: «Фан», 2010.
3. Алиева З.Ж. Ритуальные ювелирные украшения каракалпаков XIX – начала XX в. (в комплексе народного женского костюма). // SANAT, 2003, № 2.
4. Алламуратов А. Каракалпакская народная вышивка. – Нукус: «Каракалпакстан», 1977.
5. Карлыбаев М.А. Медресе в Каракалпакии XIX – начала XX веков. – Нукус: «Билим», 2002.
6. Қожықбаев Ә. Тарийхый қосықлар (Тарийхый қосық ҳәм аңызлардың басқа жанрларға қатнасы ҳаққында). – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1980.
7. Қосбергенов Р. Қарақалпақ халқының колониаль дәўирдеги мәденияты ҳәм турмысы (1873–1917). – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1970.
8. Кощанов Б.А. Каракалпакские исторические песни XIII–XX вв. как исторический источник. // История и культура Узбекистана: Материалы республиканской научно-практической конференции. –Ташкент: 2011. –С. 67-71.
9. Кощанов Б.А. Қарақалпақстан тарийхнамасы. – Нөкис: «Билим», 2016.
10. Кудияров А.Р. История города Чимбая (XIX – начало XX вв.). – Нукус: «Илим», 2019.
11. Лавров М.В. Туркестан. География и история края. Изд. 2. – Москва: Пг., 1916.
12. Пискунова И.В. «Кала» Каракалпакстана XIX в.: разнообразие содержания термина // Город и городская культура в Южном Приаралье: история и перспективы. – Нукус: «Илим», 2017.
13. Сайманов С. Историография истории городов Каракалпакстана. // Научный Татарстан. 2020, № 2, – С. 16-23.
14. Тилеўмуратов М. Қарақалпақ поэзиясы – тарийхый дерек. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1994. 344-б.
15. Тлеубергенова Н.А. Традиции и обряды каракалпаков в зеркале этнографии. // Лавровский сборник. – Ташкент: «Фан», 2013.
16. Уразбаева Р.Дж. История образования в Каракалпакстане (последняя четверть XIX – начало XXI вв.). – Ташкент: «Yangi nashr», 2011.
17. Этнография каракалпаков. XIX – начало XX века (материалы и исследования). – Ташкент: «Фан», 1980.
18. Қарақалпақ фольклоры. Т. 77–87. – Нөкис: «Илим», 2014.
19. Khalid A. The Politics of Muslim Cultural Reform: Jadidism in Central Asia. – Berkeley: University of California Press, 1998.
20. Fedakar P.D. Karakalpak Efsaneleri (İnceleme-Metinler). – İzmir: 2012. –P. 694.
21. Есбергенов Х., Нуржанов С., Ходжаниязов Г., Ягодин В. Қорақалпоғистон Республикаси пойтахти Нукус: қадимий ва новқирон шаҳар. – Тошкент: «Kurash», 2002.
22. Сейдаметова Г.У. Ходжейли – центр торговли каракалпаков (XIX – начало XX вв.). Торговля в этнокультурном измерении: Материалы Четырнадцатых Международных Санкт-Петербургских этнографических чтений. – Санкт-Петербург: 2015. – С. 212–215.